



Asosiyasyon Ameriken pou Kè a (The American Heart Association) vle asire ke tout paran yo konnen fason pou fè CPR. Pou asire ke ou prè lè li plis enpòtan an. **Chak ane, plis pase 23,000 timoun fè fas ak arè kadyak epi prèske 20% nan yo se tibebe.** Aprann fè CPR jodi a pou ou kapab prè epi vin yon pati nan Nasyon Sovtè a.

CPR KI FÈT AK MEN SÈLMAN VS CPR KI FÈT AK SOUF

CPR (REYANIMASYON KADYOPILMONÈ) AK MEN SÈLMAN



PEZE FÒ EPI RAPID NAN MITAN PWATRIN NAN



RELE 911

Konpay sansibilizasyon piblik pou jwenn plis moun pou aji lè yo fè fas ak yon arè kadyak. Pwen depa pou fè plis moun aprann CPR.

P ap satisfè egzijans yo si ou bezwen CPR pou travay ou.

FÒMASYON POU CPR



KONPRESYON + SOUF

Yo ofri l atravè klas sou entènèt oswa an pèsòn. Bay fòmasyon ki plis apwofondi ak yon enstriktè, ki gen ladan CPR ak souf ak soulajman pou moun k ap toufe.

Souvan nesesè pou moun ki bezwen fòmasyon CPR pou travay.

KI JAN LI FONKSYONE?

Konpresyon nan pwatrin bon pandan premye minit yon moun ap fè yon arè kadyak, pandan li ap pouse oksijèn ki rete nan kò a pou kenbe ògàn vital yo an vi. Fè tan jiskaske yon moun ki gen plis konpetans ka bay asistans.

CPR avèk souf yo konbine konpresyon nan pwatrin ak souf, sa ki bay plis oksijèn pou sikile nan tout kò a.

KI LÈS MWEN KA ITILIZE SA SOU LI?

Adilt ak adolesan.

Pou timoun ak tibebe, Asosiyasyon Ameriken pou Kè a rekòmande CPR avèk souf.

Nenpòt moun ki fè yon arè kadyak, ki gen ladan: adilt ak adolesan, tibebe ak timoun, fanm ansent ak nenpòt viktim k ap nwaye, ovèdòz medikaman, yon moun ki tonbe akòz pwoblèm respirasyon oswa arè kadyak pwolonje.

KI JAN MWEN KA APRANN SA?

Ale sou **heart.org/nation** (sitwèb la an Anglè).
pou ou kapab prè epi vin yon pati nan Nasyon Sovtè a.